



Apèsi sou Egzamen Pèmi Apranti a

Rejis Massachusetts pou Veyikil a Motè (Registry of Motor Vehicles, RMV) mande pou aplikan pèmi klas D ak M pwouve konesans yo nan règleman sikilasyon yo lè yo reyisi egzamen pèmi apranti a.

Ki kote ak ki lè ou ta dwe pase Egzamen Pèmi an

Nenpòt moun ka pase egzamen pèmi klas D oswa M yo nan yon lokal Sant Sèvis RMV. Sa a ka fè pandan randevou pèmi apranti w la.

Epitou kliyan yo ka chwazi pase egzamen pèmi an anliy nan lespas 60 jou apre yo fin vizite Sant Sèvis la.

Kondisyon pou Egzamen Pèmi Apranti a Anliy

Chak nan kondisyon sa yo dwe satisfè pou pase egzamen pèmi apranti a adistans:

- Odinatè a dwe gen yon kamera fonksyonèl ki aktive pandan egzamen an.
- Navigatè entènèt ou a dwe omwen Google Chrome 97, Microsoft Edge 94, oswa Internet Explorer 11. Si ou pa gen youn nan navigatè sa yo, nou rekòmande pou ou telechaje Google Chrome 97.
- Ou pa ka sèvi ak yon smatfòn oswa tablèt.
- Ou dwe dakò pou yo pran foto w anvan, pandan, ak nan fen egzamen an.

Si òdinatè w la pa satisfè kondisyon yo oswa ou pa vle yo pran foto w, ou ta dwe pran egzamen an nan yon Sant Sèvis RMV.

Preparasyon pou Egzamen an

Pou prepare pou egzamen pèmi apranti a, RMV rekòmande pou ou etidye Manyèl Chofè Klas D a epi pase yon egzamen pratik sou Mass.Gov/RMV. Sijè ki abòde nan egzamen an gen ladan règleman sikilasyon yo, idantifikasiyon pano siyalizasyon yo, move itilizasyon alkòl, sispansyon yo, ak vyolasyon prensip Pèmi Operatè Debitan yo (Junior Operator License, JOL). Pou reyisi egzamen an, ou dwe reponn 18 kesyon kòrèkteman nan tan yo bay la nan 25 minit.

Egzamen an disponib nan 35 lang.

Pase egzamen an — sa ou bezwen konnen

Gen plizyè rezon ki pral fè ou otomatikman rate egzamen an paske yo vyole règleman sistèm RMV yo:

- Inaktivite:** Si ou pa te klike sou yon bouton sou yon kesyon pandan plis pase 2 minit.
- Tan an Fini:** Si ou pran plis pase 25 minit pou konplete egzamen an.
- Pèt konsantrasyon:** Si ou kite navigatè a pandan egzamen an.

Tout rezon ki anwo yo konsidere kòm yon echèk otomatik nan egzamen an. Ou ka pase egzamen an ankò, men ou dwe vizite pwofil ou sou myRMV yo peye yon lòt \$ 30 frè an dabò.

Règleman Anti-Trichri; Sanksyon pou Enfraksyon

Si yo kenbe w ap kopye oswa ap eseye triche nan egzamen an, ou ap echwe epi ou p ap ka gen okenn tip lisans chofè oswa pèmi pandan 60 jou. Triche gen ladan, men se pa sa sèlman, fè yon lòt moun pase egzamen an pou ou oswa sèvi avèk Manyèl Chofè a oswa lòt materyèl referans pandan tès la. Nan kèk ka, yo ka tou mennen plis envestigasyon sou ou.

Pwochen Etap Apre ou Fin Reyisi Egzamen w lan

Felisitasyon! Ou reyisi egzamen pèmi an ou nan yon etap ki pi pre pou vin yon chofè ki gen lisans.

Kounye a yo pral ba ou dokiman pèmi w, ki dwe avèk ou pandan w ap fè pratik ak yon chofè ki gen lisans.